

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Carita rayat nu aya di Kacamatan Talaga anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan téh aya opat belas carita, nya éta: *Sasakala Winusakti Versi I, Sasakala Winusakti Versi 2, Sasakala Gunung Tampomas 1, Sasakala Gunung Tampomas Versi 2, Carita Madrais, Sasakala Salado, Asal-usul Sukaperna, Asal-usul Désa Lampuyang, Cai Nyusu Rahaya, Carita Kiayi Aria Batang, Sasakala Cibeureum, Sasakala Majalengka, jeung Carita Situ Bagendit*. Sanggeus ditalungtik, kapanggih yén ieu carita rayat sumebar jeung dipikawanoh ku masarakat henteu sarua, aya nu wanoh pisan saperti *Sajarah Talaga, jeung Sasakala Majalengka*, aya ogé nu dipiwanoh ngan ku sababaraha urang baé saperti carita *Winusakti Versi I, Winusakti Versi 2, Madrais, Sasakala Gunung Tampomas Versi I, Sasakala Gunung Tampomas Versi 2, Sasakala Salado, Asal usul Sukaperna, Asal-usul Désa Lampuyang, Carita Cai Nyusu Rahayu, Carita Kiayi Aria Batang, Sasakala Cibeureum, Carita Situ Bagendit*.

Lian ti éta, aya sababaraha carita nu ngabogaan versi nu béda boh dina eusina boh dina jalan caritana, saperti carita *Winisakti Versi I, jeung Winusakti Versi 2*, ogé dina carita *Sasakala Gunung Tampomas Versi 1 jeung Versi 2*.

Umumna masarakat Kacamatan Talaga geus teu pati wanoh jeung teu pati maliré kana kamekaran carita rayat nu aya di wewengkonna. Ieu hal bisa katiténan yén anak nu boga carita teu wanoh kana carita rayat nu dipibanda ku bapana. Padahal upama ningali carita rayat nu sumebarna ku cara lisan, saméméh nu séjén nyaho, tangtu ari anakna mah pangheulana kana hiji carita téh nyaho ti bapana.

Ngeunaan papasingan warna jeung unsur carita rayat nu kapanggih ti Kacamatan Talaga lobana kaasup kana legenda, iwal ti carita *Madrais* jeung carita *Kiayi Aria Batang* anu kaasup dongéng sage, lian ti éta ogé aya anu kaasup kana dongéng pamuk nya éta dongéng *Sasakala Talaga*.

Dumasar hasil panalungtikan nu dipedar di luhur, carita rayat nu aya di Kacamatan Talaga téh bisa dipaké pikeun bahan pangajaran sastra di SMP, sabab eusina merenah atawa luyu jeung pameredih KTSP kurikulum SMP. Guru basa Sunda dipiharep karancagéanana pikeun milih carita anu pang cocogna jeung pangabutuh sisiwa, sangkan eusi carita rayat bisa dijieun pieunteungeun ku siswa SMP.

Jaba ti éta, pangajaran carita rayat nu aya di kacamatan Talaga bakal nambahan pangaweruh siswa kana kabeungharan sastra nu aya di wewengkonna. Lian ti éta, bisa numuwuhkeun rasa nyaah jeung reueus kana carita rayat sangkan carita rayat henteu leungit jeung bakal terus dipikawanoh ku masarakatna.

## 5.2. Saran

Ieu panalungtikan téh kakara ngainventaris jeung nganalisis eusi dumasar kana unsur intrinsik. Pikeun ngungkab unsur ekstrinsik tina unggal-unggal dongéng perlu aya panalungtikan nu leuwih intensif.

Carita rayat nu sumebar sacara lisan jeung tatalépa di Kacamatan Talaga leuwih alus upama ditranskripsi kana wangun tulisan (dijieun buku), sangkan bisa dipiwanoah ku para siswa. Pangajaran sastra hususna (dongéng) di sakola leuwih hadé ngeunaan carita rayat nu aya di wewengkonna, sabab bakal numuwuhkeun rasa reueus, nyaah, jeung milu ngamumulé kana kamekaran budaya sorangan.

Pikeun panalungtikan sangkan carita di unggal daérah (kaasup di daérah kacamatan Talaga) henteu leungit, sawadina aya panalungtikan perkara carita rayat anu leuwih jembar.